



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 28/12/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PREMYE GRADYASYON KLAS KÒ PWOTEKSYON
EXCELSIOR A (EXCELSIOR CONSERVATION CORPS, ECC)**

Karant e en Patisipan Konplete 10 Mwa Sèvis Anviwònman nan Chan ak Pak Eta yo

Klas 2017 la ap Kòmanse 30 Janvyè e Enskripsyon yo [Ouvè Kounye a](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a gradyasyon premye klas Kò Pwoteksyon Excelsior New York la e kòmansman enskripsyon pou yon dezyèm klas. Karant e en moun te tèmine pwogram sèvis lòd anviwòmantal ak edikasyon AmeriCorps la apre yo te fin fè 10 mwa sèvis.

Gouvènè Cuomo te deklare: “Kò Pwoteksyon Excelsior a ofri yon opòtinite inik pou jèn adilt yo jwenn konpetans valab ak fòmasyon pandan y ap abòde anpil nan defi anviwòmantal eta a yo. Mwen aplodi jèn gason ak jèn fi sa yo pou fonksyon ak devouman yo pou rann New York vin yon pi bon kote, e mwen ankouraje sila yo ki enterese pou prezève epi pwoteje anviwònman nou an pou nouvel jenerasyon Nouyokè yo, aplike pou Klas 2017 la.”

Klas ki gradye a te fini pwojè anviwòmantal atravè New York, pandan y ap pran eksperyans pratik ak kapasite pwoteksyon k ap sèvi karyè yo alavni. Kò Pwoteksyon Excelsior a ap kòmanse dezyèm klas li 30 Janvyè. Enskripsyon an ouvri kounye a pou jèn adilt ki genyen 18 a 25 an ki abite oubyen ki nan lekòl New York ak ansyen militè ki soti nan nenpòt eta jiska laj 28 an.

Pandan pwogram nan, manm Kò Pwoteksyon Excelsior yo ap baze nan Morrisville State College pou resevwa fòmasyon apwofondi ak sètifikasyon premye sekouris nan dezè, konstriksyon santye, menwizye, jesyon risk ak repons ijans, edikasyon ak sansibilizasyon, ak lavi andeyò. Apre yo te fini fòmasyon debaz la, manm yo te divize an ti ekip pou atake pwojè priyorite atravè eta a. Anplis de travay jesyon anviwònman an, manm yo te resevwa fòmasyon jesyon volontè ak katastwòf pou ede kominote ki te afekte pa move tan yo epi travay kòm lidè volontè pandan gwo tanpèt. [Klike isit la](#) pou w jwenn yon lis moun ki gradye an 2016.

Manm ECC yo te konplete plis pase 80 pwojè epi bay sèvis a 19 Biwo Pak diferan, sit Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) ak 44 pwopriyete DEC (Department of Environmental Conservation).
Manm yo:

- **Te repara 100 mil (160,93 km) pis:** Te konstwi 147 mach pou repara pis yon pasaj nan Robert H. Tremont State Park andeyò Ithaca, epi yo te konstwi yon vwa ki konfòm ak nòm ADA (Americans with Disabilities Act) yo anlè tèt Prospect Mountain deyò Lake George.

- **Te repara 378 kawo tè:** Manm yo te evalye plizyè kawo tè, te katografye 800 pasaj idwolik nan Harriman ak Bear Mountain State parks pou koneksyon akwatik, epi yo te ede nan efò reforestasyon nan Connetquot River State Park nan Long Island, ki te domaje pa dendwòktòn meridyonan la.

- **Te edike 2,500 moun:** Te ede edike moun atravè entèpretasyon konstriksyon ak konsepsyon santye; sansibilizasyon nan fwa, festival, ak klinik; ak lè yo dirije entèpretasyon pwogram edikasyon.

- **Te dirije pwojè sèvis volontè yo:** Manm yo sipèvizè pwojè sèvis yo ki mennen plis pase 800 volontè nan jesyon resous natirèl, reparasyon ak mentnans pis, restorasyon abita ak efò mentnans lòd an jeneral.

Se Asosyasyon Etidyan Pwoteksyon (Student Conservation Association, SCA) yon òganizasyon prensipal nan sèvis pwoteksyon jèn ak jèn adilt ak edikasyon anviwonmantal ki jere pwogram nan. Pwogram nan sipòte pa finansman eta ak federal 1.9 milyon dola konbine, ki enkli 1 milyon dola ki soti nan Fon Pwoteksyon Anviwonman Eta New York (State's Environmental Protection Fund), New York State Environmental Facilities Corporation ak Inivèsite Eta New York (State University of New York). Komisyon Eta New York pou Sèvis Kominotè ak Nasyonal la (New York State Commission on National and Community Service), nan patenarya avèk Kòporasyon federal pou Sèvis Nasyonal ak Kominotè (Corporation for National and Community Service) a te angaje tou 850,000 dola nan fon AmeriCorps pou pwogram nan.

Delege DEC a, Basil Seggos te di: “Kò Pwoteksyon Excelsior a founi pwochèn jenerasyon an pwofesyonèl pwoteksyon ki gen chans pou egize kapasite yo pou garanti anviwonman New York la epi pou aprann etap nou fè chak jou pou pwoteje resous natirèl iranplasab nou yo. Eksperyans varye yo ofri yo atravè tan yo pase nan Pak Eta ak espas natirèl yo te ede fè pwojè pwoteksyon yo pwogrese pandan y ap devlope konpreyansyon anviwonmantal yo, e mwen felisite akonplisman yo reyalize ak premye klas sa.”

Delege Biwo Pak, Rekreyasyon ak Konsèvasyon Istorik Eta New York la, Rose Harvey te di: “Soti nan Kò Pwoteksyon Sivil rive nan Kò Pwoteksyon Excelsior a, Pak Eta New York yo gen yon long tradisyon pou akeyi jèn travayè ki egize kapasite ak talan yo nan pak nou yo. Mwen felisite manm ECC ane sa yo paske yo apiye tradisyon fyète sa epi fè amelyorasyon k ap benefisye a anviwonman natirèl ak vizitè anplennè nan pak nou yo.”

Prezidan e Direktè Jeneral Asosyasyon Pwoteksyon Etidyan an, Jaime Berman Matyas te deklare: “Soti nan Letchworth State Park rive nan Long Island, jèn lidè Kò Pwoteksyon Excelsior a te abòde kèk nan pwoblèm anviwònman ki pi presan New York yo pandan y ap akèri eksperyans enpòtan nan karyè yo epi pwoteje segman kle nan motè ekonomik eta a. Premye ane ECC a te yon siksè remakab e SCA a enpasyan pou apiye reyalizasyon sa yo alavni.”

Ouvèti Enskripsyon pou De Zan

Kò Pwoteksyon Excelsior a, ki se yon pwogram AmeriCorps Eta New York, ap rekrite manm pou dezyèm ane pwogram nan, k ap kòmanse 30 Janvye 2017. Yon manm Kò Pwoteksyon Excelsior a dwe:

- Yon sitwayen Ameriken oubyen rezidan peyi Etazini ki genyen ant 18 e 25 an;
- Yon rezidan Eta New York oubyen ki ale lekòl nan eta a;
- Genyen diplòm lekòl segondè oswa GED (General Educational Development);
- An mezi pou travay, e nan fason endepandan e antanke ekip; epi
- An mezi pou fè travay fizik.

Y ap fè akomodasyon ki apwopriye kèlkeswa lè li posib pou sila yo ki andikape. Y ap fè efò epesyal pou rekrite kandida veteran ak minorite yo. Pou plis enfòmasyon, ale sou: www.thesca.org/serve/program/excelsior-conservation-corps.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418